

BAB III

METODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta desain kuasi ékspérimén. Aya tilu jenis desain anu dikatégorikeun kana kuasi ékspérimén, nya éta (1) *one shot case study*, (2) *one group pretest-posttest design*, (2) *static group comparasion* (Arikunto, 2013, kc. 123).

Desain dina ieu panalungtikan ngagunakeun *One-group pretest-posttest design*. Desain panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu dihandap.

$O_1 \ X \ O_2$

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan:

- O_1 : *Prétés/pratés* (hasil panalungtikan saméméh perlakuan)
- O_2 : *Postés/pascatés* (hasil panalungtikan sabada perlakuan)
- X : *Treatment* (diajar nulis carita pondok ngagunakeun modél pangajaran *Induktif Kata Bergambar*)

Prétés dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh ngagunakeun *treatment* (modél *induktif kata bergambar*) sedengkeun postés dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa sabada ngagunakeun *treatment* (modél *induktif kata bergambar*). Ku lantaran kitu, hasil tina *treatment* bakal leuwih akurat sabab bisa ngabandingkeun hasil saméméh jeung sabada ngagunakeun *treatment*.

3.2 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjek timana data éta dimeunangkeunana (Arikunto, 2013 kc. 172). Sumber dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas X SMA Puragabaya Bandung. Anu jumlah siswana aya 23 siswa, anu kawengku ku 11 siswa awéwé jeung 12 siswa lalaki.

Sedengkeun anu jadi data dina ieu panalungtikan nya éta hasil tés saméméh jeung sabada dilarapkeuna modél *induktif kata bergambar* dina matéri pangajaran nulis carita pondok siswa kelas X SMA Puragabaya Bandung taun ajaran 2015/2016.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana jadi leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis, nepi ka leuwih gampang pikeun diolahna.

Instrumen anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés nya éta saruntuyan patalékan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intelegensi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok. (Arikunto, 2013, kc. 193)

Wangun tina ieu tés mangrupa hasil karangan siswa dina nulis carita pondok. Tés dina ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali, nya éta tés awal (pratés) jeung tés ahir (postés). Tés awal dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh nulis carita pondok saméméh ayana perlakuan, sedengkeun tés ahir dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh nulis carita pondok sabada ayana perlakuan. Tés ieu ogé dilengkepan ku gambar nu aya patalina jeung carita pondok. Format instrumén tés jeung gambar anu bakal digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

Gambar 3.2
Instrumen Panalungtikan

Wasta :

Kelas :

Pék ku Hidep jieun hiji carita pondok temana dumasar kana pangalaman Hidep dina kahirupan sapopoé, panjang carponna minimal lima paragraf kalayan merhatikeun unsur-unsur carita pondok!

3.4 Prosédur Panalungtikan

Prosédur atawa léngkah nu digunakeun dina ieu panalungtikan dimimitian ku nangtukeun masalah. Masalah anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan nya éta siswa teu bisa ngébréhkeun idé-idé anu aya dina uteuk kana wangun tulisan, kawatesanan kekecapan basa sunda, kawatesanan pangalaman siswa, sarta euweuh inspirasi nalika diajar dijero kelas hususna dina nulis carita pondok. Antukna siswa hésé nalika rék ngamimitian nulis carita pondok.

Sabada nangtukeun masalah, léngkah-léngkah sacara jéntré nalika prak-prakanana nya éta. (1) Dina observasi ka hiji ngalaksanakeun pratés pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina nulis carita pondok (O1); (2) Dina observasi ka dua méré *treatment* ku cara nepikeun materi (X); (3) Observasi ka tilu ngalaksanakeun pascatéés pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ayana *treatment* ngagunakeun kartu soal anu eusina sababaraha *kata bergambar* anu kudu dipilih ku siswa sangkan bisa nyieun karangan carita pondok.

Salian, ti léngkah nu geus ditétélakeun di luhur ieu panalungtikan miboga hipotésis nya éta hipotésis alternatif (H_a), modél *induktif kata bergambar* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon di kelas X SMA Puragabaya Bandung taun ajaran 2015/2016.

3.5 Analisis Data

Analisis data dina ieu panalungtikan ngawengku dua téhnik anu kudu dilakukeun, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan téhnik nu digunakeun téh nya éta téhnik tés. Téhnik tés miboga tujuan miboga tujuan pikeun meunangkeun data, boh saméméh boh sabada dibéré stimulus ka siswa dina prosés diajar-ngajar nulis carpon.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun data téhnik ngumpulkeun data aya sababaraha tahapan saperti ieu di handap.

- 1) Ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar matéri nulis carita pondok nu teu maké modél pangajaran *induktif kata bergambar*.
- 2) Siswa migawé pancén anu mangrupa pratés nulis carita pondok pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina nulis carpon
- 3) Sanggeus mikanyaho kamampuh awal siswa kana nulis carita pondok ngaliwatan pratés anu geus dilaksanakeun, panalungtik nangtukeun pakakas-pakakas anu digunakeun pikeun nerapkeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*.
- 4) Ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar matéri nulis carpon ngagunakeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*.
- 5) Sanggeus ngalaksanakeun pangajarannagunakeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*, dilaksanakeun pascatéés pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* naha ngaronjat atawa henteu

3.5.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dilakukeun sabada data nu diperlukeun geus dikumpulkeun. Kagiatan ngolah data minangka cara anu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan baris dilakukeun ngaliwatan tahapan-tahapan saperti ieu di handap.

1. Mariksa jeung méré peunteun hasil pratés jeung postés

Pikeun mikanyaho hasil nulis carita pondok, hasil pratés jeung postés dipeunteun dumasar kana pedoman anu aya dina tabél 3.1 dihandap.

Tabel 3.1
Skala Peunteun Kamampuh Nulis Carpon

No	Aspek anu dipeunteun	Skala Peunteun				Skor siswa
		4	3	2	1	
1	Eusi Carpon					
2	Imajinasi					
3	Tokoh jeung Penokohan					
4	Plot/Galur					
5	Hubungan antar paragraf					
6	Mékanik (éjahan jeung diksi)					
7	Gaya					
Jumlah Skor						
Peunteun						

(Nurgiyantoro, 2013, kc. 488)

(a) Eusi Carpon

Skor 4 = Hadé Pisan: substansif, informasina pepel, mekarkeun idena hadé, sarta rélevan jeung téma

Skor 3 = Cukup hadé: lumayan substansif, informasina lumayan pepel, mekarkeun idena lumayan hadé, sarta lumayan rélevan jeung téma

Skor 2 = Kurang: Kurang substansif, informasina kurang pepel, mekarkeun idena kurang hadé, sarta kurang rélevan jeung téma.

Skor 1 = Kurang pisan: henteu substansif, informasina henteu pepel, mekarkeun idéna henteu hadé, sarta henteu rélevan jeung téma

(b) Imajinasi

Skor 4 = Hadé pisan: imajinasina kuat sarta diolah kalawan hadé.

Skor 3 = Cukup hadé: imajinasina kurang kuat tapi diolah kalawan hadé.

Skor 2 = Kurang: imajinasina kurang kuat sarta diolahna kurang hadé.

Skor 1 = Kurang pisan: imajinasina teu kuat sarta diolahna kurang hadé.

(c) Tokoh jeung Penokohan

Skor 4 = Hadé pisan: aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna digambarkeun kalawan jelas.

Skor 3 = Cukup hadé: aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna digambarkeun kalawan cukup jelas.

Skor 2 = Kurang: aya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna digambarkeun kurang jelas.

Skor 1 = Kurang pisan: taya tokoh utama jeung tokoh pendukung sarta watekna teu digambarkeun kalawan jelas.

(d) Plot/Galur

Skor 4 = Hadé pisan: plot/galur digambarkeun kalawan jelas sarta jalan caritana gampang dipikaharti.

Skor 3 = Cukup hadé: plot/galur digambarkeun cukup jelas sarta jalan caritana cukup dipikaharti.

Skor 2 = Kurang: plot/galur digambarkeun kurang jelas sarta jalan caritana henteu dipikaharti.

Skor 1 = Kurang pisan: plot/galur digambarkeun kalawan henteu jelas sarta jalan caritana henteu dipikaharti.

(e) Hubungan antar Paragraf

Skor 4 = Hadé pisan: hubungan antar paragraf kagambar kalawan hadé sarta silih lengkepan

Skor 3 = Cukup hadé: hubungan antar paragraf kagambar lumayan hadé sarta lumayan silih lengkepan

Skor 2 = Kurang: hubungan antar paragraf kagambar kurang hadé sarta kurang silih lengkepan.

Skor 1 = Kurang pisan: hubungan antar paragraf henteu kagambar sarta henteu silih lengkepan.

(f) Mékanik (Éjahan jeung diksi)

Skor 4 = Hadé pisan: ngawasa aturan penulisan, ngan aya sababaraha kasalahan éjahan.

Skor 3 = Cukup hadé: sakapeung aya kasalahan éjahan, tapi teu matak ngarobah ma'na.

Skor 2 = Kurang: loba kasalahan éjahan sarta ma'na na ngabingungkeun atawa teu dipikaharti.

Skor 1 = Kurang pisan: teu ngawasa aturan penulisan, kasalahan éjahan loba pisan, tulisan teu kabaca, jeung teu pantes pikeun diajén.

(g) Gaya

Skor 4 = Hadé pisan: gaya nu dipakéna éféktif sarta matak ngirut ati.

Skor 3 = Cukup hadé: gaya nu dipakéna cukup éféktif sarta cukup matak ngirut ati

Skor 2 = Kurang: gaya nu dipakéna kurang éféktif sarta kurang matak ngirut ati.

Skor 1 = Kurang pisan: gaya nu dipakéna henteu éféktif sarta teu matak ngirut ati.

2. Ngasupkeun data peunteun pratés jeung postés kana tabél ieu dihandap.

Tabél 3.2
Peunteun Tés Nulis Carita Pondok

Nomor Absén	Aspék Penilaian							Σ	P	%	Kategori
	A	B	C	D	E	F	G				
1											
2											
3											
4											
5											
....											
Σ											
\bar{x}											

Keterangan:

- A : Eusi Carpon
 B : Imajinasi
 C : Tokoh jeung Penokohan
 D : Plot/Galur
 E : Hubungan antar Paragraf
 F : Mékanik
 G : Gaya
 P : Peunteun
 Σ : Jumlah skor
 \bar{X} : $\bar{X} = \frac{\Sigma}{n}$
 Skala rata-rata: 1,0 – 2,0 : kurang
 2,1 – 3,0 : cukup
 3,1 – 4,0 : hadé

Katégori: Perséntase $\geq 75\%$ siswa dianggap mampu nulis carita pondok.

Perséntase $\leq 75\%$ siswa dianggap can mamapuh nulis carita pondok.

Dumasar kana éta pedoman, tuluy peunteun anu dicangking dijumlahkeun tur dibandingkeun jeung skor idéal ngagunakeun rumus:

$$Si = n.4$$

Keterangan:

Si = Skor ideal

n = Unsur-unsur anu diukur

4 = Skala Penilaian

Sabada ngabandingkeun skor siswa jeung skor idéal, kagiatan satuluyna nya éta maluruh skor ahir. Skor idéal nulis carita pondok nya éta 28. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{skor idéal}} \times 100\%$$

3.5.3 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Uji normalitas pikeun nangtukeun distribusi data, naha normal atawa henteu. Uji homogénitas tujuanana pikeun nangtukeun homogénitas data niléy siswa.

a) Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanana pikeun mikanyaho normal henteuna data anu digunakeun dina panalungtikan. Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat normal atawa henteuna, bisa digunakeun rumus *chi* kuadrat (X^2). Saméméh ngagunakeun rumus *chi* kuadrat (X^2), aya léngkah anu kudu dilaksanakeun saperti ieu di handap:

1) Nangtukeun niléy panggedéna jeung pangleutikna

2) Ngitung rentang (*range*) skor

$$r = P_{\max} - P_{\min}$$

Keterangan:

r = range atawa rentang atawa selisih peunteun

P_{\max} = peunteun panggedéna

P_{\min} = peunteun pangleutikna

3) Nangtukeun jumlah kelas interval (k)

$$k = 1 + 3,3 \text{ Log } n$$

Keterangan:

k = lobana kelas

n = lobana data (frékuénsi)

3.3= bilangan konstan

- 4) Nangtukeun panjang kelas interval (p) ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$P = \frac{r}{k}$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

Keterangan:

p : panjang kelas (interval kelas)

r : rentang (jangkauan)

k : lobana kelas

- 5) Nyieun tabél frékuénsi peunteun tés awal (pretés) jeung tés ahir (postés)

Tabél 3.3
Frékuénsi Peunteun Pratés jeung Postés

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
1						
2						
Σ						

- 6) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun pratés kalawan rumus ieu di handap:

$$x = \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

x = rata-rata (*mean*)

Σ = jumlah

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

- 7) Ngitung standar déviiasi (Sd) kalawan rumus ieu di handap:

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

- 8) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi (perkiraan). Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.
- Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi ngagunakeun *Chi* kuadrat.

Tabél 3.4
Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspétasi
Ngagunakeun *Chi* Kuadrat

Kelas Interval	O_i	Bk	Z	$Z_{\text{tabél}}$	L	E_i	$\frac{(O_i + E_i)^2}{E_i}$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)
Σ							

Keterangan:

- O_i = frekuensi observasi
 Bk = batas kelas
 Z = transformasi normal standar bebas kelas
 $Z_{\text{tabél}}$ = peunteun Z dina table distribusi data normal
 L = lega kelas interval
 E_i = frekuensi ekspétasi ($n \times$ luas $Z_{\text{tabél}}$)

(Subana, 2000, kc. 125)

- Nangtukeun O_i (frékuénsi observasi), nya éta lobana data anu asup kana hiji kelas interval
- Nangtukeun batas kelas interval (Bk)
- Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - x)}{sd}$$

- Nangtukeun $Z_{\text{tabél}}$
- Ngitung ambahan legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_{\text{tabel 1}} - Z_{\text{tabel 2}}$$

- Ngitung frékuénsi ékspétasi (E_i)

$$E_i = n \times L$$

h. Nangtukeun niléy X^2 (*Chi* kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

i. Nangtukeun derajat kabébasan

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

j. Nangtukeun harga $X^2_{\text{tabél}}$

k. Nangtukeun normalitas ku cara ngagunakeun kritéria ieu di handap:

(a) Saupama $X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabél}}$, hartina distribusi data normal.

(b) Saupama $X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabél}}$, hartina distribusi data teu normal.

b) Uji Homogénitas

Uji homogénitas tujuanna pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna populasi data anu diujikeun

Léngkah-léngkah ngitung uji homogénitas nya éta saperti ieu di handap.

1) Ngitung variansi masing-masing kelompok

a) Variasi *Pre-test* (S_1^2)

$$S_1^2 = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

b) Variasi *Post-test* (S_2^2)

$$S_2^2 = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

2) Ngitung harga variansi (F)

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gedé}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

3) Ngitung derajat kebebasan (dk)

$$dk = n - 1$$

- 4) Nangtukeun $F_{\text{tabél}}$
- 5) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana criteria ieu di handap:
 - a. Lamun $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$, hartina variasi sampel homogén
 - b. Lamun $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$, hartina variasi sampel henteu homogén

(Sudjana, 2005, kc. 250)

3.5.4 Uji Gain (d)

Uji gain tujuanna pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil pratés jeung postés. Ngaliwatan uji gain bisa kagambar aya henteuna pangaruh modél *induktif kata bergambar* dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas X SMA Puragabaya kota Bandung taun ajaran 2015/2016. Pikeun ngalakukeun uji gain, digunakeun tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.5
Uji Gain tingkat Kamampuh Siswa Nulis Carita Pondok

No.	Ngaran Siswa	Peunteun Pre-test	Peunteun Post-test	D	d^2
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
Σ					
\bar{X}					

3.5.5 Uji Hipotésis

Dina nangtukeun uji hipotésis aya dua cara anu bisa dipaké. Anu kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun miboga distribusi anu normal, cara nguji hipotésisna ngagunakeun statistik paramétrik kalayan maké uji *t*-tés. Kadua, saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun miboga distribusi anu teu normal, éta data diuji hipotésisna maké statistik *nonparametrik* kalayan maké uji *wilcoxon*.

1) Statistik paramétrik

Statistik paramétrik digunakeun saupama miboga data distribusi anu normal. Léngkah-léngkahna ngawengku ieu di handap.

- a. Nangtukeun rata-rata (*mean*) tina béda antara peunteun pratés jeung postés kalawan ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\Sigma d}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

- b. Ngitung derajat kebebasan (*dk*) ngagunakeun rumus:

$$dk = n - 1$$

- c. Ngitung jumlah kuadrat déviiasi ngagunakeun rumus:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

- d. Ngitung uji *t* ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan:

t = tés signifikasi

Md = rata-rata (mean) tina béda *pre-test* jeung *post-test*

$\Sigma x^2 d$ = jumlah kuadrat deviasi

n = jumlah subyek dina sampel

(Arikunto, 2013, kc. 349)

- e. Nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis kana kritéria ieu di handap.
- (1) Saupama $t_{itung} > t_{tabél}$ hartina hipotésis ditarima, nya éta modél pangajaran *induktif kata bergambar* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X SMA Puragabaya Koya Bandung taun ajaran 2015/2016.
 - (2) Saupama $t_{itung} < t_{tabél}$ hartina hipotésis ditolak, nya éta modél pangajaran *induktif kata bergambar* teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X SMA Puragabaya Kota Bandung taun ajaran 2015/2016

2) Statistik *non* paramétrik

Statistik *non* paramétrik digunakeun pikeun nguji hipotésis anu distribusi datana teu normal. Téhnik statistik anu dipaké nya éta uji *Wilcoxon*. Léngkah-léngkah uji *Wilcoxon* (Sudjana, 2005, kc. 450) nya éta:

- a. Asupkeun peunteun *pre-test* jeung *post-test* siswa kana kolom ka-2 (XA1);
- b. Asupkeun peunteun *post-test* siswa kana kolom ka-3 (XB1);
- c. Itung bédana antara *pre-test* jeung *post-test* ku cara XB1-XA1 tuluy asupkeun hasilna kana kolom ka-4;
- d. Nangtukeun jenjang ku cara ngurutkeun hasil béda tina kolom ka-4 ti mimiti peunteun béda anu pangleutikna nepi ka peunteun anu panggedéna;
- e. Peunteun tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjangna;
- f. Sanggeus disusun asupkeun peunteun jenjangna kana kolom ka-5;
- g. Asupkeun peunteun jenjang anu positif kana kolom ka-6, misalna aya peunteun béda anu négatif asupkeun kana kolom ka-7;
- h. Ningali kana tabél harga kritis uji *wilcoxon*, misal $n=23$ kalayan ngagunakeun taraf kasalahan 5% $W_{tabél} = 73$;
- i. Data anu geus di itung tuluy diasupkeun kana tabél *wilcoxon* ieu di handap.

Tabél 3.6
Tabél Uji Wilcoxon

No	XA1	XB1	Béda	Tanda Jenjang		
			XA1-XB1	Jenjang	+	-
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Keterangan:

XA1 = peunteun *pre-test*

XB1 = peunteun *post-test*

- j. Ditarima henteuna hipotésis uji *wilcoxon* dumasara kritéria ieu di handap.
- (1) Saupama $W_{itung} < W_{tabél}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukeun, hartina H_a ditarima yén modél pangajaran *induktif kata bergambar* miboga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X SMA Puragabaya Kota Bandung taun ajaran 2015/2016.
 - (2) Saupama $W_{itung} > W_{tabél}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukeun, hartina H_a ditolak yén modél pangajaran *induktif kata bergambar* henteu miboga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X SMA Puragabaya Kota Bandung taun ajaran 2015/2016.